# परभु की अनमोल सहायता



वाट्सन गुडमैन द्वारा संकलित

मुफ्त— बेचे खातिर नइखे

## "परभु की अनमोल सहायता"

परमेसर का वचन साच के खोज करनेवाला खातिर बड़ा लाभदायक ह। कवनो आदमी आपाना पाप खातिर पाछतावा कइके मसीह यीशु पर विसवास करेला तब परभु आपन शान्ति अवर विसवास ओकारा हृदय में डाले ले। इ अनुभव हमारा १९३७ में भइल। एकारा बाद परमेसर से हामार लागाव कबहीं ना छूटल।

रउरा से हमार इहे प्रार्थना बा कि रउरो परभु यीशु के आपन जीवन देके उधार ग्रहण करीं।

—वाट्सन गुडमैन

## प्रकाशित वाक्य १:५

यीशु मसीह के ओरी से विश्वासी गवाह अउरी मारला लोग में से जीए वाला पहिला, राजा लौके मालिक ताहारा सुख-शान्ति मिली जे हमारा से प्रेम राखी, चाहे जे हमारा के आपन खून देइ के छोड़वले बा।

## यूहन्ना ३:१६

परमेसर ससार से अइसन प्रेम राखे ले कि ओकारा खातिर आपन एकलउता पुत्र दे दीहले जेह से उनुका पर भरोसा राखे वाला के कबहूँ नाश ना होखे। उ बहुत दिन जीए।

## रोमियो ५:८

भगवान हमनी पर अइसन प्रेम राखेले कि हमनी का जब पापी रहनी जा तबे हमनी खातिर मरी गइले।

## मत्ती १:२२,२३

इ सब एह खातिर भइल कि जवन बात परभु भविस जानेवाला से कहवले रहले कि उनुकर बात पूरा होखो। तहनी लो देख एगो कुआर लइकी गरभवती होखी ओकारा गरभ से एगो लइका पैदा होई ओकर नाम इम्मानुएल राखाई, एकर अरथ इ भइल कि भगवान हमारा संगेबाड़े।

## १ तिमूथियूस ३:१६

एह में तनिको संदेह नइखे कि भगती के भेद बाड़ा गम्भीर होला जे देह में पैदा भइल, आपामा में धरती ठहरल सरग दूतन के देखाई दीहल, दोसारा जाति वालन में ओकर पाराचार भइल ओंकर दुनिया में विशवास कइल गईल आ ओकर परभाव ऊँचा उठावल गइल।

यशायाह ९:१६

हमनी खातिर एगो लइका पैदा भइल, हमनी का जिम्मे एगो लइका दीहल गइल, ओकारा कान्ह पर 'भार रहो ओकर नाम अद्भुत मुक्ति करनेवाला पराकरमो, परमेसर, अनन्तकाल के पिता अउरी शान्ति के राजकुमार राखाई।

कुलुस्सियो २:९

ओकारा में भगवान के सब गुन सदेह बास करेला।

१ यूहन्ना ४:१५

जे केहू इ मानेला कि यीशु परमेसर के लइका हवे ओकारा में परमेसर बास करेले आ उ परमेसर में रहेला।

यीशु मसीह उनुका से कहले कि जीवन के रोटी हमहीं हईं हमारा पास जे ग्राई उ भूखल ना रही। जे हमारा पर भरोसा करी उ पानी बिना ना मरी। यूहन्ना ६:३५

यीशु उनका से कहले कि उन्नति अउरी जीनीगी हम ही हईं। जे हामारा पर भरोसा करी उ मरी करके भी जीग्रते रही। यूहन्ना ११:२५

यीशु उनुका से कहले कि इबराहीम से पहिले हमरे जनम भइल। इ बात हम साच कहतानी। यूहन्ना ८:५८

एकारा बाद यीशु दुबारा कहले कि हम ताहारा से सच कहतानी मेड़िन क हुआरी हईं। यूहन्ना १०:७

लूका ५:४-६

जब उ बतिया लिहले तप शमीम से कहले कि गहीरा पानी में ले चल, मछरी पकड़े खातीर जाल डाल। शमीम उत्तर दीहले कि हम राति भर हिम्मत कइनी बाकिर एकहू ना पकड़ी पवनी तबी रउरा काहाला से जाल डालबी। जब उ अइसन कहले तब उनुका जाल में ढेर मछरी आइल जावामा से उनुकर जाल फाटे लागल।

मत्ती २०:३०,३४

दूगो अन्धा जयान सड़क के किनारे बइठल रहले सुनिके कि यीशु जात बाड़े चिलाई के कहे लगले कि हे परभु दाउद के सन्तान हमनिओ पर दाया करी... यीशु दाया कइके उन्हनी के आँख छु दींहले एकारा बाद उन्हनी का लउके लागल।

# यीशु मसीह जनमदाता अउर परभु हवे

प्रेरित २:३६

अब इ बात इसराइल के पूरा खान्दान जानी लेल कि परमेसर ओही यीशु के लेकारा के तू लो क्रूस पर चढ़वल उनुके के परभु आ मसी ठहरवले हा।

यूहन्ना १:३

सब कीछु उनुके से पैदा भइलबा ओह में से कीछ, कवनो चीज़ उनुका बिना मरजी के नइखे भइल।

कुलुसियो १:१६

उनुके में सब कर जनम भइलबा चाहे सरग होखो चाहे नरक देखल हो चाहे वे देखल, गदी होखीं चाहे अधिकार परमधामया होखे रोब-दाब सब किछु उनुके खातिर बानावल बा।

प्र रितो के काम १०:४२

उ हमारा के आज्ञा देले बाड़ कि सबलो में परचार कर, गवाही द कि इहे उ हवे जेकारा के परमेसर जीअवले बाड़े बाद में मुआ के न्यायी ठहरयले बाड़े ।

यूहन्ना ५:२२

पिता के हू के नियाय ना करसू बाकिर नियाय वाला काम आपाना लइका पर छोड़ी देले बाड़ें ।

रोमियो १४:१०

तू आपाना भाई पर काहे दोष लागावतार, तू उन्हनी के काहे छोट समुझत बाड़ । हमनी का सब केहू के परमेसर गदी के सामने खाड़ा होईं जा ।

# यीशु वे से छुटकारा होई

## यूहन्ना १४:६

यीशु कहले कि सचाई, राह, अउर दुनिया के सब कुछ हमहीं हई। हामार बिना सहारा लिहले केहू परमेसर के ना पासके।

## प्रेरितो के काम ४:१२

दोसारा केहू से उधार ना होई। काहें कि सरग के नीचे आदमी के कवनो दोसर नाम नइखे दीहल जावाना से हम उद्धार पा सकीं।

## इब्रानियो ७:२५

एहसे जे उनुका मारफत परमेसर के लगे आवेला उनुकर पूरा उद्धार कइ सकेला काहेकि ई उनुकर सेवा करे खातिर हमेशा जीयते रहेला।

## कुलुसियो १:१२-१४

परमेसर के धनि मानाव जे हमनी के एह योग बनवले कि पवित्र आदमी संगे मीरास में सामील होखो। उहे हमनी के अन्धेर में से निकालि के आपाना प्रिय पुत्र के राज में पहुँचवले। जाहावाँ पाप से छुटकारा पाइके क्षामा मिली।

## तितुस २:१४

जे आपाना के हमनी खातिर दे दीहल उ हमनी के सब प्रकार से सब तरह के अधरम से छोड़ा के अइसन एगो आपाना खातिर जाति बनबले जवन आच्छा काम करो।

# यीशु मसीह के खून से छुटकारा

हमनी के ओह में उनुका खून से छुटकारा, सब दोष क्षमा होइ के उनुकारा पुनी से धरम के मोतांबिक धन मिलल बा।

— इफिसियो १:७

जइसन उ जोति में बाड़े ओईसने हमनी के भी जोति में चलीं जा तब एक-दोसारा से सहयोगी बनवी जा आ उनुकारा पूत्र यीशु के खून हम सबके पाप से उद्धार करी।

— १ यूहन्ना १:७

जे मसीह के खून से ताहारा के शुद्ध आत्मा से परमेसर के सामने निर्दोष बतवले बा उ ताहारा मृत आत्मा के काहे ना शुद्ध करी जावाना से तू जीअते परमेसर के सेवा क सकी।

— इब्रानियो ९:१४

१ यूहन्ना ५:४

जे परभु से पैदा भइल बा उहे संसार पर विजय करी उ विजय जावाना से संसार पर जय भइल बा उहे हमनी के बिसवास ह।

इफिसियो २:८-९

काहें कि बिसवासे के बल पर ताहार उद्धार भइल बा अउरी इ ताहारा करत नइखे भइल इ परभु के देन ह। अइसन ना होखे कि केहू का आपाना करम पर घमण्ड ना करेके चाहीं।

यूहन्ना ६:२८-२९

इ उनुका के कहले कि परभु के काम करे खातीर हमनी के का करेके चाहीं यीशु कहले कि परमातमा के काम कइल इहे बा कि जेकारा के उ भेजले बाड़े तू उनुका पर विश्वास कर।

तीतुस ३:५

तब उ हमनी के उद्धार कइले। हमनी के आपन धरम कइला खातीर उ हमनी पर आपाना ओरी से दाया कइके हमनी के नाया जनम अउरी पवित्र आत्मा नाया बनावे खातिर भइल बा।

भजन संहिता १०३:११

जइसे आकास जमीन से ऊँच या ओसहीं उनुकर दाया उनुका के माने वाला पर वा।

भजन संहिता १०३:१७

बाकीर यहोवा के दाया उनुका के माने वालन पर युग-युग तक रेहेला अउरी उनुकर धरम ओह लोगन के नाती-पोता पर भी परगट होला।

प्रकाशित वाक्य २२:१७

आतामा या दुल्हिन दूनो जाना कहेले कि आव सुनहुवाला कहेला कि आव जे पियासल होख चली आवो, आ जे केहू चाहे जीवन रूपी पानी समेटी लेउ ।

मत्ती ११:२८

ऐ सब मजदूर लो अउर बोझ से दबाईल लो हामारा लगे आव लो हम तहनी लो के विश्राम देबी ।

यशायाह १:१८

यहोवा कहेले कि आव लो हमनी का आपाना में बात-चीत करीं जा, तहन लो पाप चाहे लाल होई तबो बरफ लेखा सफेद हो जाइ-दोसारा रंग के होई तबो ऊन जइसन सादा हो जाई ।

यूहन्ना १:१२

जाताना लो उनुका के अपनावल सब केहू उनुका के परमेसर के सांतान भइला के अधिकार दीहल, यानी उनुका नाम पर सब केहू बिश्वास कइल।

१ यूहन्ना ३:१०

परमेसर के सान्तान अउर शैतान के सान्तान पहचान में आवेला जे धरम करम ना करे उ परमेसर के का आपाना भाई से भी प्रेम ना राखे।

रोमियो ८:१४,१५

एही से जाताना लो परमात्मा के हिरदय के अनुसार बातावाला लेखा चले ला उहे परभु के पुत्र काहोला काहें कि ताहारा भगत के आत्मः ना मिलल की डरो लड़कपन के आतमा मिलल जाबाना से हमनी का हे अब्बा, हे पिता पुकारी ले जा।

## यशायाह ५:११

जे बहुत सेकाराहे उठिके शराब पीए लागेला आ बहुत रात ले पीयते रहेला जबतक कि ओकारा पूरा गरमी ना चढ़ी जाला ।

## गलतियो ५:१९,२१

देह के त काम समान ही बा वेविचार कइल, गान्दा काम कइल लुचई कइल, मूर्ति के पूजा कइल, दोसारा से बैर-विरोध कइल झुगड़ झंझट, बेधरम कइल । लीला नाखाड़ा कई तरह के बा । एह बारे में हम तहनी लो से पहले ही कही देतबानी जइसे पहिले कहले रहनी हा कि एइ तरी काम करे वाला प्रभु के राज के मालिक ना होला ।

## सच्चाई काफी नइखे

### मरकुस १०:१७-२२

ग्रउर जब उ निकली के राह में जात रहले तब एगो आदमी दउरल उनुकारा लगे गइल ग्रउर उनुका ग्रागा ठेहुनिया के पूछलसी कि उत्तम गुरु जावाना जीनगी के ग्रन्त ना होखे ओकारा खातिर हम का करीं यीशु ग्रोकारा से कहले कि तू हामारा से उत्तम काहें कहतार। केहू उत्तम नइखे खाली परमेसर उत्तम बाड़े तू ग्रादेश त जानते बाड़, हत्या न करेके, व्यविचार ना करे के, चोरी ना करेके, झूठ गवाही ना करेके, छल-प्रपंच से ग्रालागा रहल, ग्रापाना माता-पिता के आदर कइल। उ यीशु से कहलस कि हे गुरु इ सब त हम बचपन से ही मानी ले। यीशु ग्रोकारा पर नजर राखी के कहले आ परेम कइले कि ताहारा में एगी बात के कभी जवन कुछ ताहर लगे बा बेची के

कंगालीन के बांटीद ताहारा सरग में बहुत धन मिली तू हामारा पीछे चल। इ बात सुनी के ओकारा चेहरा पर उदासी छा गइल उ बहुत उदास हो के चली गइल काहें कि उ बहुत धनी रहल।

## धोखा मती खा लो

तहनी लो नइख जानत कि अन्यायी परभु के राज के मालिक ना होला धौखा मती खालो रंडी बाजी मती कर लो, मूर्ति के पूजा, पराई स्त्री गामी चोरी, लोभीपन, पीयकड़, गालो-गलौज करे वाला परमेसर के राज के मालिक ना होला। १ कुरिन्थियो ६:९,१०

केहू ताहरा के बेकार बात धोखा मती से देउ काहें कि एह सब से परमातमा के दुख होला। इफिसियो ५:६

# पाप से मृत्यु होला

## याकूब १:१५

अभिलाषा गरभ धई के जनम देले अउरी जब पाप बढ़ी जाला तब नाश होला।

## रोमियो ५:१२

एगो आदमी से दुनिया में पाप आइल उहे बढ़ी के नाश के रूप ले लीहलसी।

## लूका १५:३२

तहनी लो का अब खुशी मानावे के चाहीं काहें कि तहनी केल भाई मरी के जिन्दा भइ गइले।

प्रकाशित वाक्य १:१८

हमार मृत्यु भइल रहल हा बाकिर हामारा बुझाता कि हम कई युग से जीअते बानी, अतने नइखे मृत्यु लोक अधी लोक के चाभी हमरे संगे बा।

यूहन्ना ११:४३, ४४

इ बात कही के उ बहुत जोर से बोलले कि ऐ लाजार बाहर निकली आव, आतन सुनी के मरल आदमी कफन से हाथ-पाँव बान्धले बाहर आ गइल। ओकर मुँह गमछी से लपेटल रहल। यीशु कहले कि उनका के खोली के जाए द लो।

## व्यवस्था विवरण ५:७-२१

हामारा के छोड़ी के दोसारा के परमातमा मती जनीह तू आपाना खातिर कवनो मूर्त्ति खोदी के मती बनइह अइसन कवनो मूर्त्ति मती बनइह जवन जमीन, आसमान चाहे पानी में होखे। तू उनका के प्रणाम मती करीह उन कर उपासना मति क़रीह...तू... आपाना यहोवा के नाम व्यर्थ मती लीह, काहे कि जे उनकर बेकार नाम लीही ओकारा के उ दोषी ठहरइहें।

तू आराम के दिन जानिकं पवित्र रखीह जइसन यहोवा ताहारा के आज्ञा देले बाड़ ६ रोज खूब मेहनत करीह बाकिर सातवाँ दिन ताहारा यहोवा खातिर आराम के दिन ह। आपाना माँ-बाप के इज्जत करीह जइसन यहोवा आज्ञा देले बाड़े।

तू जान मतीह मरीह।

बे विचार मती करीह!

चोरी मती करीह।

तू केहूके औरत पर लालच मती करीह केहूके घर-द्वार पर लालच मती करीह इहाँ तक कि केहूके खेत-बाधार-दास-दासी जमीन-जगह कवनो चीज के लालच मती करीह।

## तू परमेसर से छिपि ना सकेल

### लूका ८:१७

कवनो चीज अइसन छीपल नइखे जवन देखाइ ना देउ। अइसन बात गुप्त नइखे जवन जानल जा न सके।

### नीति वचन १५ : ३

यहोवा के आँख सब जगह रहेला।

### अयूब ३४ : २१,२२

परमेसर के आँख आदमी के चाल-चलन पर लागले रहेला। उ सब कर चाल-चलन देखत रहे ले। अइसन अन्धेर नइखे जावना से अन्यायी छिप जाई।

**मत्ती २५ : ४६**

अउर इलो बहुत दिन तक दण्ड भोगो लो बाकिर धरमी लो अनन्त जीवन में प्रवेश करी लो।

**मत्ती १३ : ४१, ४२**

मानव पुत्र आपाना दूतन के भेजी हे उलो आइके उनुका राज में से ठोकर के कारण अउर कुकरम करेवाला के बटोरी के आग के कुण्ड में डाल दीहें। उहवां दाँत चियार के रीवे के पड़ी।

**भजन संहिता ९ : १७**

दुष्ट जाति के लो भगवान के भूला जाला जावाना से अधो लोक में लौट जाए के पड़े ला।

प्रेरितों १७ : ३१

उ एगो दिन ठीक कइले बाड़े ओही दिन उ ओह अदमी के संगे धरम से संसार में न्याय करीहे जावाना के उ ठीक कइले बाड़े। मुआला लो के जियाई के एह बान उ सबका पर साबित कइ देले बाड़े।

रोमियो १४ : १२

हमनी में से सब केहू आपन-आपन लेखा परमातमा के दी ही।

१ यूहन्ना ४ : १७

एही से हमनी में प्रेम बढ़ी अउर हमनी के याद रही, न्याय के दिम कोहे को जइसन बाड़े ओइसने हमनियों का बानी जा।

### रोमियो ६ : १६

इ नात चाहेवला के ना दउरे वाला के दाया बा इत परमातमा के दाया करे के बात बा ।

### २ कुरिन्थियो ६ : १५

परमातमा के ओ दान खातिर जावाना के वर्णन ना कइल जा सके धन्यवाद देबे के चाहीं ।

### १ पतरस ५ : ५ ब

काहें कि परमातमा अभिमानी लोके दण्ड देले बाकिर गरीब लो पर दाया करे ले ।

तू हमारा यीशु के जानतार कि ताहारा खातिर धनिक होई के भी कांगाल बनी गइले ताकी उनुका कांगाल भईला से तू धनिक होई जा ।

## पछतावा

### लूका १३ : ३

हम ताहारा से कहतानी कि तू जबले आपन मन ना बदलब तब ले तहरो लोक एही तरे नष्ट हों जाई ।

### २ कुरिन्थियो ७ : १०

काहे कि परमातमा भक्ति के अइसन शोक आ मोह पैदा करे ले जावाना के फल तारल होला । जावाना से दुबारा मोह ना होखे । बाकिर सांसारिक मोह से नाप होला ।

एही से कहतानी कि तू लो फिरि आव लोग जाबावा ने तहनी लो के पाप छोड़ावल जाई अइसन कहला से परमातमा के आगे आछा दिन जाई।

## पाप से माफी

### मत्ती ६ : १४

यदि तू दोसारा के अपराध माफ करब त ताहार अपराध सरग मैं काम करेवाला ताहार बाप माफ करीहें।

### यशायाह ५५ : ७

दुष्ट यदि आपन दुष्टता छोड़ी के, आपन चाल-चलन बेकार के सोच छोड़ी के यहोवा के याद करे लो त यहोवा ओह लोके उपर दाया करी हें अगर हामारा परमातमा के याद करो लो त उ हो माफ कर दीहें।

देख हम दुआर पर खाड़ी हो के खट-खटावत बानी अगर केहू किवाड़ खोली त ओकरे संगे हम खाना खाइबी आ उ हमारा संगे खाई।

## दुनियादारी से अलगाव

### कुलिसियो ३:२

जमीन पर ना बाकिर सरग के सब चीज पर ध्यान लागाब।

### इफिसियो ५:११

बुरा काम में भागोदार मती बन पहले ही ओह खातिर ओरहन द।

### १ यूहन्ना २:१५, १६

तू ना त संसार से ना सांसापिक चीज से प्रेम कर, अगर सांसार से प्रेम करेला त ओकारा में पिता के प्रेम ना रहे। काहें कि जवन

कीछु संसार में या जइसे देह के मोह, ग्राँख के मोह, ग्रौर जीवन के गर्व इ बात पिता का ग्रोरी से ना होखे संसार के ओरी से होला ।

## नाया जनम

### १ पतरस १ : २३

काहे कि तू नाश होखे वाला त ना पर जेकर नाश ना होखे ग्रोकरा बीज से हरदम रहेवाला वचन मुताबिक नाया जनम पवले बाड़ ।

### १ यूहन्ना ५:१८

हम जान तानी कि जे परमातमा से पैदा भइल बा उ पाप ना करे जे परमातमा से पैदा होला ग्रोकरा के उ बचावेले ग्रोकरा के दुष्ट लो छुवे ना पावे लो ।

यीशु औकरा से कहले कि हम साच कहतानी कि केहू अगर नाया से ना जनमनी उ परमातमा के राज ना देखी ।

## पाप खातिर मरीके मसीह में जी गइले

### गलतियो ५:२४

जे केहू मसीह यीशु के ह उ आपना शरीर के उनुका लालसा अउर अभिलाषा संगे क्रूस पर चढ़ा दीहल ।

### रोमियो ६:२, ११

जब हम पाप खातिर मरी गइनी तब फेरू ओह में काहें जीवन बीताईं अइसही तू आपाना के खतिर मरल आ परमातमा खातिर जिन्दा समझा ।

कुलुसियो ३ : १

जब तू मसीह के संगे जियावल गइल तब सरग के चीजन के खोज में रहल जाहावाँ मसीह वर्त्तमान बाड़े अउर परमेसर के दहिनी ओर बइठल बड़े ।

## अन्त ना होखे वाली जिन्दगी

यूहन्ना १७ : ३

अन्त ना होखे वाला जीवन उहेह जावाना से तू परमातमा अउर यीशु जेकारा के भेजले बाड़े जान ।

रोमियो ६ : २३

पाप के मजदूरी नाश ह बाकिर परमातमा के वरदान यीशु-मसीह में अन्त ना होखे वाला जीवन ह ।

हम ताहारा से सच कहतानी जे हामार बात सुनो क भेजे वाला पर विसवास करेला अन्त ना होखे वाली जीनगी ओकरे ह। ओकारा पर दण्ड के आज्ञा ना होखे बाकिर उ मृत्यु के पार कइके नाया जीवन में प्रवेश कइ चुकल बा।

## उद्धार के निश्चय

१ यूहन्ना ४ : १३

इहो हम जानतानो कि यम उनुका में बानी उ हामारा में बाड़े काहें कि उ आपन आत्म हामारा के देले बाड़े।

यशायाह ३२ : १७

धरम के फल शान्ति अवरु ओकर परिणाम हरदम चैन से आ निश्चित रहल होई।

जे कारा संग हामारा आज्ञा बा जे ओकरा के मानतबा उहे हामारा से प्रेम करत बा जे हामारा से प्रेम राखी ओका से भगवान प्रेम रखीहें हमहुँ ओकारा से प्रेम राखबी आ आपाना कें ओकरा पर प्रगट करबी ।

## मसीह भीतर रही के हामारा के प्रसन्नता देले ।

### भजन संहिता १६ : १०

तू हामारा के जीवन के रास्ता देखइब । ताहारा लगे आनन्द के भाण्डार बा ताहारा दाहिना हाथ में सुख हरदम रहेला ।

### यूहन्ना १५ : ११

इ सब बात हम ताहार से एही से कहनी हा कि हामार आनन्द ताहारा में हरदम बनल रहो आ ताहार आनन्द पूरा रहो ।

हम मसीह के संगे क्रूस पर चढ़ावल गइनी हम अब जीअत नइखी बाकिर मसीह हामारा में जीअत बाड़ । हम अगर देह से जीअत बानी त एही विसवास पर जवन परमातमा के पुत्र पर बा जे हामारा से प्रेम कइले बाड़े हामारा खातिर आपाना के दे देले बाड़े ।

## परभु के आज्ञा मानल जरूरी बा

### रोमियो ६:१६

का तू नइख जानत क जेकर आज्ञा माने खातिर तू आपाना के नोकर चाकर लेखा सउप देले बाड़ उनुकरे दास अइसन मानेला चाहे पाप होखो या वावान। के अन्त आच्छा होला ।

### व्यवस्था विवरण ११:२६-२८

सुन हम ताहारा आगे आसीरवाद अउर श्राप दूनों राखत बानी

यदि तू आपाना परमातमा यहोवा के ग्राज्ञा के जावाना के हम ताहारा के सुनाबत बानी मान त ताहारा ग्राशीर्वाद मिली ना मनब त श्राप के भागो बनव ।

## यीशु मसीह के ग्रपनावल जरूरी बा

### मत्ती १०:३२, ३३

जे केहू सब लोके ग्राज्ञा मानी ली ओकारा के हम हू सरग पिता के ग्राज्ञा मानी लेबी जावाना आदमी के आज्ञा इनकार करी ग्रोकरे के हम हू सरग पिता के ग्राज्ञा इनकार करबी ।

### रोमियो १०:९,१०

जब तू ग्रपने मुँह से यीशु के भगवान मानी के स्वीकार करब ग्रा

इ बूझब कि परमातमा इनका के मरला लो मेसे जीवले बाड़े त तू जरूर तरी जइब काहें कि धरम में मन से बिश्वास कइल जाला आ उद्धार खातिर मुँह से स्वीकार कइल जाला ।

## शैतान हमार दुश्मन ह

### १ पतरस ५:८

तू सचेत रह काहें कि ताहार दुश्मन शैतान की तरह हमेशा एह फिराक में रहता कि जे कारा के पाँइ बाध नियर फारी के खा जाई ।

### मत्ती ४:१ अउर १०-११

तब आतमा ओह धरी यीशु के जंगल में ले गइल ताकि इब्बीस से उनुकर परिचय होखो ... तब यीशु उनुका से कहले कि ए शैतान

तू दूर होजा काहें कि लिखल बा कि तू आपाना परभु के प्रणाम कर अउर उनुकर उपासना कर आताना सुनी के शैतान चली गइल सरग के दूत ला उनुकर सेवा करे लागल लो।

## शैतान पर विजय

### २ थिस्सलुनिकियो २:८

तव अधरमी परगट होइ जावाना के परभु यीशु आपाना थूक से मरीहें अउर आगी में जारा दीहें।

### याकूब ४:७-८

एह से परमातमा के अधीन हो जा आ शैतान·शैतान से सामना करो जब अइसन कर ब तब ताहारा सामने से उ भागी जाई तू भगवान नीगीचा अइब तब उ हो ताहारा नीगीचा अइहें।

जे केहू पाप करे ला उ शैतान ह काहे कि शैतान शुरु पाप करे ला। परभु एही से जनम ली हले कि शैतान के नाश होई।

## परम शिष्य के परीक्षा

### यूहन्ना १३ : ३५

यदि तू सबका से प्रेम रखब तब भगवान ताहारा के आपन चेला जनी हें।

### १ यूहन्ना ४ : २०

यदि केहू कहे कि हम परमातमा के प्रेमी हई आ उ आपाना भाई के विरोधी होखे त जनील कि झूठा ह काहें कि जावाना भाई के रोज देखता ओकारा से प्रेम नइखे त भगवान से लेकारा के कबहूं नइखे देखत कइसे प्रेम होइ।

आतमा के फल प्रेम, आनन्द, भलाई, धीरज नम्रता, बिसवास अवर संयम ह ।

## मसीह के दुबारा जनम

### रोमियो ४ : २५

उ हामारा अपराध खातिर धइलगले आ हमनी के धरम के मानाला खातिर जिन्दा कइल गइले ।

### यूहन्ना २० : २६-२८

आठ दिन बाद उनुकर चेला धर के भीतर रहल लो थोमा ओही लोग संगे रहले। यीशु आइके बीच में खाड़ा होके कहले कि तहनी लोका शान्ती मिलो एकारा बाद थोमा से कहले कि अंगुली लेके हामारा हाथ के देख हाथ लेके हामारा पाजारा में टोप आविसवास मती कर विसवास कर आताना सुनी के थोमा कहे लगले हामारा परभु ! हामारा परमातमा !

## हमार पुनः उत्थान महिमामय आशा ह

### रोमियो ६ : ३-५

का तू नइख जानत कि हमनी का जाताना अदमी यीशु के बापतिस्मा ले ले बानी जा एही से हमनी का उनुका मृत्यु के बापतिस्मा ले ले बानी जा एवी से हमनी का उनेका संगे गाड़ल गइनी जा यीशु पिता के महिमा से मरजा लो में से जिन्दा कइल गइले त हमनियो का नाया-जीवन लेखा चाल चली जा काहे कि उनुका मृत्यु में समानता के भागीदार बानी जा। तब उनुका जीआला पर भागीदार होखबीजा।

### यूहन्ना ५ : २५

हम ताहारा से साच कहतानी कि ए धरी अइसन समय आइल बा सब मरल आदमी परमेसर के पुत्र के शब्द सुनी जाताना लो सुनी जरुर जी ही।

१ पतरस १ : १५

जइसन ताहार बोलाबे वाला पवित्र बा ओइसने तू हूँ आपाना चाल से बन । उ हमनी के अइसन चीज दीहें जावाना से हमनी का आपाना दुश्मन से निडर होके पवित्र तथा धार्मिक बनी के सेवा करत रहबी जा ।

मत्ती ३ : ११

हम तहनी लोके पानी से मन फेरे के बापतिस्मा ( मंत्र ) देत बानी बाकिर हमारा बाद में आवे वाला हमारा से भी शक्तिशाली बा उ तहनी लोके पवित्र आतमा अवर आग से बापतिस्मा ( मंत्र ) दीही हम उनका पनही के (जूता) के बराबर भी नइखी ।

लूका १ : ७४-७५

उ हमनी के कुछ दी ही जावाना से हमनी के आपाना शत्रुन से

नीडर होके उन्हनी के सामने पवितर अउर धार्मिक बनी के परभु के सेवा करत रहबी जा ।

## आतमा से भरल आदमी

प्रेरितो १ : ८

जब पवित्र आतमा ताहारा में आहै नब तू समरथ होइब ओही धरी तू हामार गवाह होइ ब ।

प्रेरितो ४ : ३१

जब उ प्रार्थना कइ चुकले तब उहंवाँ के जमीन हिलो गइल जाँहा उ प्रार्थना करत रहले । सब कर पवित्र आतमा भगइल सब केहूँ परमातमा के भजन सुने लायल ।

रोमियो ८ : ९

जब तक परमातमा के आतमा ताहारा में वास करी तबतक तू

शरीर से न। आतमा से पवित्र रहब । जेकरा में मसीह के आतमा नइखे उ उनुकर भगत नइखे !

## मसीही लो खातिर कठिन परीक्षा

१ पतरस ४:१२-१३

ऐ परेमी लो जबन दुख रुपी आग तहनी लोके परीक्षा लेबे खातिर भड़कल बा ओह से धबड़इला के काम नइखे अचरज मती कर लो कि इ विचित्र बात बा। बाकिर जइसे मसीह के दु:ख में भागीदार रहब लो ओस हो सुख पइब लो जावाना से उनुका महिमा के परगट भइला पर भी तहनी लो सुखी अउर मगन रहलो।

यशायाह ६६ : २

यहोबा के इहे बचन बा कि सब चीज हमरे हाथ के बनावल ह एह से सब कुछ हमरे ह। बाकिर हम ओकरे ओरी धयान देबी जे गरीब-दुखी होई। जे हामार बात सुनी के डेराई।

भजन सहिता ३४ : १९

धरम करे वाला पर मुसीबत बहुत आबेला बाकिर यहोबा ओकारा के सब से मुक्त कई देले।

रोमियो १६ : २०

शान्ति के देवता शैतान लो के ताहार पैर से बहुत जल्दी कुचलवा दी हे।

१ कुरिन्थियो १० : १३

तू कवनो अइसन परीक्षा में नइख परल जवन आदमी के बसके बाहर होखे परमातमा सच्चा हवे उ ताहारा के अइसन परीक्षा में ना पड़े दीहें जवन ताहारा बस के बाहर होखे। उ ताहारा के ओह से निकले के उपाय करीहें जवना से तू बच।

प्रकाशित वाक्य २१ : ७

जे जीती उवे एकर मालिक होई हम ओकर परमातमा होख बी, उ हमारा पुत्र होई ।

प्रकाशित वाक्य ३ : २१

जे जीती ओकारा के हम आपाना संगे गद्दी पर बइठाइबी जइसे हम जीती के आपना पिता केगद्दी पर बइठल बानी ।

प्रकाशित वाक्य ३ : ५

जे जीती ओकारा के सफेद कपड़ा पहनावल जाई । हम ओकर नाम जीवन किताब से ना काटबी । ओकर नाम आपाना पिता अउरी सरग के दूत लो के आगा मानी लेबी ।

सूका १६ : १८

जे केहू आपाना स्त्री के छोड़ के दोसर ग्रौरत से बियाह करेला उ व्यभिचारी काहाला। जे छोड़ला ग्रौरत से वियाह करेला उ हो व्यभिचारी काहाला।

मत्ती ५ : ३२

हम ताहारा से कहतानी कि जे ग्रापाना औरत के व्यभिचार के ग्रालावे दोसर कारण से छोड़ी एकर माने कि उ ग्रापाना औरत से व्यभिचार करवावल चाहता। जे ग्रोह छोड़ल ग्रौरत से बियाह करी उ व्यभिचारी करी।

## प्रकाशित वाक्य ३:११

हम जल्दिए आइबी ताहारा लगे जवन कीछू बा तवन साम्भारी राख ताहार पगरी केहू लेबे ना पावे।

## मत्ती २४:३०

जब आदमी के पुत्र के निशान आसमान में देखाई दीही तब जमीन पर रहे वाला लो आपन-आपन छाती पीटी लो ओकारा बाद मानव पुत्र के बहुत पराक्रम तथा ऐश्वर्य का संगे बदरी पर आवत देखीलो।

## यूहन्ना १४:३

हम जाइके ताहारा खातिर जगह बानावत बानी तब आइके ताहारा लो के लियाई चलबी तब हम आ तूलो एके जगह रहल जाई।

१ यूहन्ना ३ : २

हे प्रिय अब ही हम परमातमा के सन्तान बानी इ बात अबही ले मालूम ना भइल बाद में हम का होखबी। एतना जरूर जानत बानी कि जब उ प्रगट होइहें तव हूँ ओइसने होखबी काहें कि उनका के ओस ही देखबी जइसन उ बाड़े।

लूका १२ : ४०

तू हू तैयार रह काहें की जवाना धरी तू सोचहूं ना सकब ओही धरी मनुष्य पर आ जइहें।

मत्ती १६ : २७

मनुष्य पुत्र आपाना सरग दूतन संगे आपाना महिमा से अइहें। ओही धरी जे जइसन कहले रही ओकारा मुताबिक फल दीहें।

# परमेसर का वचन

## २ तिमुथियुस ३ : १६

प्रत्येक पवित्रा ग्रन्थ ( शास्त्र ) परमेसर के प्रेरणा से लिखल बा। जवन कि उपदेश, सुधार धरम अउर शिक्षा खातिर लाभदायक बा।

## भजन संहिता ११९ : १०५

ताहार बात हामारा पैर खातिर दीया अवर रास्ता खातिर अंजोर बा।

## भजन संहिता ११९ : ११

हम ताहार बात आपाना मन में बइठाइलेले बानी जावाना से ताहारा खिलाफ हमारा से पाप ना होखे।